# 8 चारुकातक जतरा

## गतिविधि 1 नबका भाषामे एकटा गीत गाउ!

अपना सभमेसँ बहुतो लोक विभिन्न भाषा बजैत छी। अहाँ आ अहाँक मित्र घरमे कोन भाषासब बजैत छी? अपन बुजुर्गसभसँ कोनो विषय (ऋतु, पाबनि-तिहार, देशभक्ति आदि) पर एकटा गीत सीखू। अपन अविभावक, भाइ-बहिन, वा कोनो आन बुजुर्गकेँ एतऽ गीत लिखबाक लेल कहियौन। एकरा कक्षा मे प्रस्तुत करू।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 2

### खेल-खेलमे सीखू

0337CH08

एकटा मधुर, तालबद्ध गीत चुनू आ एहि खेलक सङ्ग ओकर अभ्यास करू।


- एकटा बच्चाकेँ कक्षासँ बाहर जएबाक लेल कहियौ। बच्चा जखन कक्षासँ बाहर निकलि जाइ तऽ कक्षामे कत्तहु पइनक बोतल वा डस्टर सन कोनो वस्तु नुका दियौक।
- जखन बच्चा आपिस अबै तखन कोनो गीतक उपयोग कऽ क ओहि वस्तुकेँ तकबाक लेल निम्नानुसार मार्गदर्शन करू।
- एकटा समूहमे गाएब शुरू करू - जखन बच्चा वस्तुक लगमे होइ तखन जोर सँ गाउ! जखन बच्चा दूर हो तखन आस्ते सँ गाउ।

## गतिविधि 3 आउ एकटा ओड़ियाक गीत सीखैत छी।

ओड़ियाक ई लोकगीत चारि ताल चक्रमे सुनू। प्रत्येक चक्रक प्रारम्भ मे थाप दियौ वा घुमाउ।

### ओड़िया गीतक बोल

बड़द गाड़ी रे मूँ हली हली जाउ ची
मो सुन्दर गाँ कु जाउ ची-2
एपटे नदी बहे सेपटे पर्वतऽ -2
पखिर मधुरऽ गीत फूलर हस -2
आम्ब गछ तड़े पीलामाने खेड़ु छन्ति -2
थिनाक्कु थिनाक्कु थैया
थाधिना थाधिना था -2
हली हली जाउ ची
केत्ते आनन्द -2
मो सुन्दर गाँ कु जाउ ची-2
बड़द गाड़ी रे मूँ हली हली जाउ ची
मो सुन्दर गाँ कु जाउ ची-2



### मैथिली अनुवाद अर्थ गीत

बड़द-गाड़ी तऽ धीरे-धीरे चलए एऽ
आ आनन्दसँ हमर सुन्नर गाम दिस बढ़ए एऽ-2

एक दिस नदी बहए एऽ
दोसर दिस पहाड़ अछि
चिड़ै मधुर सुरमे गाबए
खुशीसँ फूल फुलाइ अछि।

आम गाछतरमे नाच्चए
हमर गामक बुतरू सऽब
धिनक धिनक ता ता थैआ
धाधींना ताधींना ता

बड़द-गाड़ी तऽ धीरे-धीरे चलए एऽ
आ आनन्दसँ हमर सुन्नर गाम दिस बढ़ए एऽ-2

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 4 तालकेँ शब्दांशक सङ्ग राखू

### *एक – दू – तीन – चारि*

सुनू आ ओकरा स्थिर ताल पर गएबाक प्रयास करू।

ताल बजैत काल एहन शब्दांश होइत अछि जकर उपयोग कएल जा सकैत अछि। उदाहरणक लेल, कोन्नाकोलमे, एकटा शैली, जतय हमसभ ताल बनएबाक हेतु अपन अवाजक उपयोग करैत छी, निम्नलिखित शब्दांशक उपयोग कएल जाइत अछि:

**था धी धॉम नम।**
**नम धॉम धी था।**
**था धी धॉम नम नम**
**धॉम धी था।**
**था था धी धी धॉम धॉम**
**नम नम।**

एकरा तालमे कहबाक प्रयास करू यथा ताली वा डाण्डिया खेलए बला काठीसँ अथवा विद्यालयक कोनो आन वाद्ययन्त्रसँ ।



हम सभ हिन्दुस्तानी शैलीमे तालकेँ सेहो एहि तरहेँ कहैत छियैक:

**धा धा ते टे**
**धा धा धिन ना**
**ता ता ते टे**
**धा धा तिन ना**

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 5 सुनू आ कश्मीरीमे गाएब सीखू

## *बुम्बरो बुम्बरो*

एहि गीतक ताल केर अनुसरण करू आ देहक ताल कैँ जोड़ू!

**गीतक बोल**

बूम्बरो बूम्बरो

बूम्बरो बूम्बरो श्याम रङ्ग बूम्बरो,
क्या आझी घूख यूथ नाआलानो
हो हो हो
बूम्बरो बूम्बरो
हाअल भाअव पानुनुर हा शाम सोनधारी,
ऐस कारोय जाअन कुर्बानो
हो हो हो
बूम्बरो बूम्बरो
बोमबूरूस येम्बेरझाल बेइ सामखाअवोन,
नेरूनन प्रेइन अरमाउनो
हो हो हो हो
बूम्बरो बूम्बरो



**गीतक सम्बन्धमे**

ई एकटा कश्मीरी गीत अछि। ई गीत एकटा कारी भमरा मधुमाँछीक विषयमे अछि जे एकटा उत्सवमे गेला!

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 6 सुनू आ कोंकणीमे गाएब सीखू

### *उन्त्रा मौजए मामा*




**गीतक बोल**

उन्त्रा मौजए मामा, अनि हाव साङ्गता तुका –2
अणि माजोरिचा पिला लागि
खेमाण्डी ना को –2
उनिर मामा आइलो,
अणि पेटिए कुशिक लिपलो –2
अणि माजोरिचा पिलान ताका एका घासान
खाइलो –2 या या मया या –4

**गीतक सम्बन्धमे**

कोंकणी भाषामे लिखल ई गोवाक पारम्परिक लोकगीत अछि। एकटा मूसक लेल ई चेतावनी अछि जे ओ बिलाड़िसँ दूर रहए आ ओकरासँ कहियो नहि खेलाइ।



© NCERT not to be republished

## क्रियाकलाप 7 सुनू आ तमिलमे गाएब सीखू

### *चिन्ना चिन्ना चिट्टू*

**गीतक बोल**

*चिन्न-चिन्न चिट्टू*
*सिंगारा चिट्टू*
*पट्टू पोल मेनी*
*वट्टमान कङ्ग्ल*
*अम्बू पोल थावी*
*आगयात्तिल परक्कुम*
*कोम्बु मेल्ल नारुक्कुम*
*कादिल एल्लाम इरुक्कुम*
*कूरई मेल वन्धु निन्डु सीटी अडिक्कुम।*

© NCERT not to be republished

**गीतक सम्बन्धमे**

ई गीत एकटा सुन्नर सन छोट चिड़ै केर विषयमे अछि। जे अकाशमे तेजीसँ उड़ैत अछि। एकरा खेतसँ दाना खएनाइ आ छतक ऊपरसँ सीटी बजाएब नीक लगैत छैक।

